

Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO PWOJÈ BATIMAN LABORATWA TAYSTEE NAN WEST HARLEM

Nouvo Konstriksyon 350,000 pye kare a Pral Enkli Laboratwa Syans Lavi, Òganis Bi Non Likratif, Lokatè Komèsyèl, Magazen Vant an Detay ak Oganis Edikatif

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia nouvo pwojè Batiman Laboratwa Taystee, yon pwopriyete Klas-A Sètifye pa LEED, sou yon sipèfisi 350,000 pye kare, sitiye nan West Harlem epi k ap fèt pou antrepriz ak òganis nan sèktè syans lavi, teknoloji, inivèsitè, òganis bi non likratif ak art nan Distri Endistriyèl Manhattanville (Manhattanville Factory District). Devlope pa Janus Property Company, nouvo batiman an pral nan kè distri a, k ap etann sou West 125th Street jiska West 128th Street epi ap enkli alafwa nouvo konstriksyon an ak reyamenajman ansyen batiman endistriyèl yo. Pwojè sa a pral nan menm sans objektif Gouvènè Cuomo a pou favorize kwasans ekonomik enklizif nan kominote yo nan eta a.

"Harlem genyen yon istwa enkwayab epi li anplèn renesans. Batiman sa a pral konstitiye yon gran investisman pou lavni katye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Batiman Taystee a pral founi laboratwa ak òganis edikatif nan syans lavi avèk yon gwo teknoloji, jis a kèk pa de pi bon sit katye sa a kapab ofri."

"Harlem genyen anpil kilti ak divèsite epi nou detèmine pou investi nan pwojè ki vize pou pouswiv kwasans nan rejyon an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Nouvo Batiman Laboratwa Taystee a pral abrite Distri Endistriyèl Manhattanville la epi pral akeyi antrepriz ak òganis inovan ki travay nan syans lavi ak teknoloji. Devlopman sa a konplete lòt enstitisyon ak pwojè rejyon an, li pouswiv transfòmasyon epi li ranfòse ekonomi lavni an."

"Nou kwè depi lontan epi nou se patizan aktif West Harlem", **Scott Metzner, direktè, Janus Property Company te deklare.** "Batiman Laboratwa Taystee a pral pouswiv efò soutni ki te fèt pa Janus pandan 30 lane pou prezève entegrite rejyon an pandan l ap fè vini inovatè nan domèn yo pou fè zòn komèsyal katye a reviv. Nouvo batiman sa reponn alafwa ak prezans kwasant syans lavi nan West Harlem ak mank espas ki disponib pou akeyi kwasans sa a nan tout vil New York la. De plizanplis, lokatè yo rekonèt komodite katye a, bote lokalizasyon l lan, katye istorik, pak ak riv, menmjan ak konsantrasyon ekstrawòdinè gwoup rechèch ak kilti."

"Distri Endistriyèl Manhattanville yo pwofonman lye ak patrimwàn inivèsitè ak kreyatif ki nan zòn West Harlem," **Jerry Salama, direktè, Janus Property Company te deklare.** "Rejyon an se kominote ki genyen plis moun nan enstitisyon edikatif yo nan New York epi se youn nan sant kiltirèl ki pi dinamik ak istorik nan monn lan. Batiman

Laboratwa Taystee a ak Distri Endistriyèl Manhattanville yo sitiye nan kafou kilti, akademi ak pwogrè Vil la, menmjan ak transpò an komen ki ekstrèmman pratik pou mennen moun yo la."

Sitiye sou ansyen boulanje pen Taystee a, batiman an pral prezante yon estetik modèn ki aliye sou lespri ansyen kè endistriyèl rejyon an. Devlopman inisyal la se yon espas teknolojik ki kapab akeyi anpil lokatè, soti nan syans lavi rive nan itilizatè kreyatif TAMI ak inivèsite, k ap reflekte divèsite katye a. Plak sòl fleksib ki etann de 36,000 pye kare alabaz jiska 15,000 pye kare nan penthouse la, tandiske tout etaj yo genyen plafon 14 pye avèk gran plafon an vit. Anplis, pwojè a ofri prèske 20,000 pye kare espas eksteryè, ki genyen yon lakou ak peyizaj ki ofri yon aksè dirèk sou Distri Endistriyèl Manhattanville yo.

A kèk pa de liy metwo A, B, C, D ak 1 arè nan sant vil Manhattan, Konstriksyon Laboratwa Taystee a sitiye jis akote Columbia University a, ki enkli nouvo lekòl komès ak Sant Lasyans Jerome Greene (Jerome Greene Science Center), menmjan ak Sant Biyoloji Estriktiral New York (New York Structural Biology Center) ak City College of New York, ki enkli Sant pou Dekouvèt ak Inovasyon CUNY (CUNY Center for Discovery and Innovation) ak Sant Rechèch Syantifik Avanse CUNY (CUNY Advanced Science Research Center).

Yo te vann pwopriyete a ak Janus Property pa Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation) apre yon konkou minisipal epi te trase pa LevenBetts Architects ak SLCE Architects. Pou soutni envestisman 350 milyon dola maksimòm Janus la nan demolisyon ansyen izin delabre a ak konstriksyon Batiman Laboratwa Taystee a, Empire State Development te ofir jiska 10 milyon dola nan sibvansyon ki fèt an fonksyon de pèfòmans li. Batiman an sou wout achèyman sibstansyèl li nan fen 2020.

Syans lavi batiman an konsantre sou rasin solid endistri vil la, ki enkli soutyen enstitisyon rechèch ak kreyasyon filyè talan ki atire antrepriz sektè syans lavi yo nan tout monn lan. Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zensky te deklare, "Avèk Distri Endistriyèl Manhattanville yo, Janus Property Company ap pote yon nouvo vi nan pwopriyete ki te lib depi lontan yo - epi kreye plis travay, espas kominotè ak enstitisyon edikatif nan kominote Harlem nan".

Winston Fisher, Partnè nan Fisher Brothers epi Koprezidan NYC REDC Co-Chair, te deklare, "Batiman Taystee pral transfòme tèren ki pa te itilize yo an yon plak tounant dinamik pou laboratwa, magazen epi gwoup edikatif ak kominotè, ki kontribye konsa nan kwasans Harlem epi k ap kreye opòtnite pou Nouyòkè yo".

Cheryl A. Moore, Prezidan ak Chèf Ofisye Operasyon New York Genome Center ak Koprezidan NYC REDC, te deklare, "Endistri syans lavi New York la sou pwèn pou kòmanse nan tout kwen vil nou an ak eta nou an. Batiman Laboratwa Taystee a se yon

prèw pasyonan nan kwasans kontini sèktè a, ki ofri yon soutyen ak antrepriz ki an kwasans nan sèktè syans lavi pandan y ap devlope".

Senatè Robert Jackson te deklare, "Se pasyonan pou wè kòmansman konstriksyon batiman sa a nan West Harlem. Mwen enpasyon pou rankontre Janus Property pou diskite sou fason devlopman sa a kapab reponn ak bezwen West Harlem ak kominote pi laj nan nò Manhattan pou deseni k ap vini yo".

Senatè Brian A. Benjamin te deklare, "Batiman Taystee a pral pote inovasyon ak resous siplemantè nan Harlem, ki te toujou yon katye tout moun konnen pou angajman l nan kesyon inovasyon. Mwen rejwenn Gouvènè Cuomo pou selebre revolisyon sa jodia ak devlopman sa a ki konsantre sou kominote a".

Manm Asanble Inez E. Dickens te deklare, "Distri Endistriyèl Manhattanville Harlem yo ap kontinye epi n ap kontinye envesti nan pwojè tankou pwojè sa a, ki pral favorize transfòmasyon katye a. Batiman Laboratwa Taystee a p ap sèlman pote nouvo antrepriz nan rejyon an, men pral kontribye tou ak ekspansyon syans lavi, teknoloji ak domèn art nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te soutni evestisman sa yo epi paske li te kontribye nan kwasans kominote sa a".

Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale A. Brewer, te deklare, "Nou tout konnen ke Harlem ap kontinye - epi batiman tankou Laboratwa Taystee a garanti epanwisman l pou tout moun. Mwen remèsye Empire State Development pou travay li sou pwojè sa a ki pral kreye travay ak opòtinite pou jèn antreprenè talantye nou yo nan divès sèktè pandan y ap l ap ofri yon espas piblik kòm yon trezò konsa".

Manm Konsil Vil New York Mark Levine te deklare, "Batiman Taystee a soti nan yon kolaborasyon etwat de plizyè lane avèk kominote West Harlem nan, nan kad yon nouvo katye ki konstwi sou listwa endistriyèl rejyon an. Nan menm moman li fini, se pral yon gran sous anplwa ak vitalite ekonomik, epi mwen konatan pou m wè pwojè a ap avanse".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)